



Commonwealth of Massachusetts

Executive Office of Energy and Environmental Affairs

Department of Environmental Protection

Address: 100 Cambridge Street, Suite 900, Boston MA 02114 | Phone: 617-292-5500

Maura T. Healey
Governor

Kim Driscoll
Lieutenant Governor

Rebecca Tepper
Secretary

Bonnie Heiple
Commissioner

AVI ODYANS PIBLIK

Avi Odyans Piblik sa a disponib nan lòt lang (Español -- TiếngViệt -- Chinwa -- KreyòlAyisyen -- Pòtigè -- Khmer) sou sitwèb MassDEP a nan adrès sa a: <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

Avi sa a bay ke Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts (MassDEP), dapre M.G.L. c. 91, § 18 ak M.G.L. Chapit 30A, ap pwopoze modifikasyon regilasyon pou 310 CMR 9.00, Règleman sou Vwa Navigatwa Massachusetts la. Modifikasyon yo gen entansyon senplifye pwosesis pèmi ak lisans yo pou pèmèt revizyon an menm tan aplikasyon ki anba revizyon ak Biwo Lwa sou Politik Anviwònman Massachusetts (MEPA) epi pèmèt Depatman an kòmanse revizyon yon aplikasyon lisans oswa pèmi pou Vwa Navigatwa anvan yo depoze yon Avi Entansyon pou Zòn Imid.

Tèks regilasyon pwopoze a ak yon dokiman referans disponib ansanm ak yon kopi Avi Odyans Piblik sa a sou sitwèb MassDEP a nan adrès sa a: <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

MassDEP pral òganize de odyans piblik vityèl atravè Zoomat nan dat ak lè sa yo pou resevwa kòmantè sou chanjman yo pwopoze a. **Ou dwe enskri davans.**

Mèkredi 9 septanm 2026 a 1:00 PM

Tanpri itilize lyen sa a pou enskri davans pou odyans sa a:
https://us06web.zoom.us/meeting/register/_1PyDk1AQ6erQ_nsGTrbQQ

Mèkredi 9 septanm 2026 a 6:00 PM

Tanpri itilize lyen sa a pou enskri davans pou odyans sa a:
https://us06web.zoom.us/meeting/register/3QPAeH5gQ_Old-ksWgDuWw

Yo ka prezante temwayaj oralman nan odyans piblik la. Y ap aksepte kòmantè alekri jiska 5:00 p.m. nan dat **23 septanm 2026**. Depatman an ankouraje soumèt kòmantè elektwonik pa imèl nan dep.waterways@mass.gov epi yo dwe mete kòmantè sou *Waterways Streamline* nan sijè imèl la. Yo ka voye kòmantè alekri tou pa lapòs bay Daniel Padien, Attn: Waterways Streamline Comments, MassDEP-BWR, 100 Cambridge Street, Suite 900, Boston, MA 02114.

Pou aranjman espesyal, tanpri rele Biwo Divèsite MassDEP nan 617-292-1282. TTY#MassRelayService 1-800-439-2370. Enfòmasyon sa a disponib nan lòt fòm sou demann. MassDEP bay sèvis entèprèt/tradiksyon aksè lang pou moun ki pa pale angle byen gratis. Si ou bezwen yon entèprèt pou patisipe nan reyinyon sa a, ou ka jwenn sèvis tradiksyon nan lyen sa a: <https://www.mass.gov/info-details/massdep-language-translation-assistance>.

Pa Lòd Depatman Pwoteksyon
Anviwònman an, Bonnie Heiple, Komisè